



Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISANS YO NAN LAPOLIS ETA A POU EDE NAN ANKÈT SOU KWA GAME AK DISKOU RAYISANS NAN QUEENS

"Mwen santi mwen degoute ak rapò sou kwa game (swastikas) ak langaj rayisans yo jwenn ekri andedan yon machin ki an pàn nan Queens maten an. Zak anti-Semit flagran sa yo gen kòm objektif enspire laterè epi alimante kansè rayisans ki vini anvayisan nan tout nasyon sa a nan ane resan yo.

Mwen kanpe ak tout Nouyòkè yo pou kondane zak rayisans sa yo — menm si yo nan fòm grafiti oswa vyolans — epi nou pral kontinye denonse yo chak fwa ak kèlkeswa kote nou wè yo.

Mwen ap pase Fòs Entèvansyon kont Krim Rayizans nan Lapolis Eta a enstriksyon pou li ede Depatman Lapolis New York (New York Police Department, NYPD) la nan ankèt li a pou garanti ke moun ki responsab zak detestab sa a peye konsekans yo nan tout mezi lalwa pèmèt".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)